

**MEDIA PASINAON POP UP BOOK DONGENG SATO KEWAN (FABEL)
KANGGE SISWA KELAS II SD**

E-JOURNAL SKRIPSI

Dipunaturaken dhateng Fakultas Bahasa dan Seni
Universitas Negeri Yogyakarta
kangge Njangkepi Sarat Pikantuk Gelar
Sarjana Pendidikan



Yogyakarta, Maret 2018
Ketua Jurusan

Prof. Dr. Suwardi, M.Hum.
NIP. 196404031990011004

Yogyakarta, Maret 2018
Pembimbing

Prof. Dr. Suwarna, M.Pd.
NIP. 196402011988121001

dening
Dyas Hermaning Putri
NIM 14205244002

**PROGRAM STUDI PENDIDIKAN BAHASA DAERAH
FAKULTAS BAHASA DAN SENI
UNIVERSITAS NEGERI YOGYAKARTA
2018**

MEDIA PASINAON POP UP BOOK DONGENG SATO KEWAN (FABEL) KANGGE SISWA KELAS II SD

The Learning Media of Fable Pop-Up Book for Second Grade Students of Elementary School

Dening: Dyas Hermaning Putri, Universitas Negeri Yogyakarta

dyaspuput16@gmail.com

SARINING PANALITEN

Panaliten menika ngandharaken: (1) caranipun damel *media pasinaon pop up book dongeng sato kewan (fabel)* kangge siswa kelas II SD, (2) pambijining *kualitas materi* saking dosen ahli materi saha *kualitas media* saking dosen ahli media bab *media pasinaon dongeng sato kewan (fabel)* saha (3) pamanggihipun guru basa Jawi saha para siswa kelas II tumrap *media pasinaon pop up book dongeng sato kewan (fabel)* kangge siswa kelas II SD. Panaliten menika kalebet jinis panaliten *Research and Development*. Asiling panaliten nedahaken bilih *media* menika dipundamel kanthi *analisis, desain, pengembangan, implementasi* saha *evaluasi*. *Validasi kualitas media* dening dosen ahli materi pikantuk *persentase 88%* ingkang kagolong sae sanget, *evaluasi* saking dosen ahli media pikantuk *persentase 80%* ingkang kagolong sae. Pambiji *kualitas media* dening guru basa Jawi pikantuk *persentase 95%* kagolong sae sanget, pamanggih siswa tumrap *media* pikantuk *rata-rata persentase 92%* ingkang kagolong kategori sarujuk sanget. Asiling panaliten menika nedahaken bilih *media pasinaon pop up book dongeng sato kewan (fabel)* kangge siswa kelas II SD saged kangge sarana pasinaon wonten salebeting pamulangan basa Jawi.

Pambijining tembung: *Media Pasinaon, Sato Kewan, Pop-Up Book*

Abstract

This study aims to explain: (1) how to make learning media of fable pop-up book for second grade students of elementary school, (2) media quality validation by lecturer of material expert and media quality validation by lecturer of media expert and (3) assessment of Javanese language teachers and students to the learning media of fable pop-up book for grade 2 elementary school students. This study is Research and Development (R & D) research in nature The result of the study explained that: (1) the media was made through five levels: analysis, design. Development, implementation, and evaluation; (2) media quality evaluation with lecturers of material expert got 88% percentage which was very good, then media quality value with expert lecturer media got 80% percentage which was good; and (3) media assessment with Javanese teachers got average of 95% percentage of which was excellent and the result of students opinions got average of 92% percentage that was classified as agreed. The results showed that the learning media could be used as media in the learning fairy tale.

Keywords: *Learning Media, Fable, Pop-Up Book*

PURWAKA

Basa Jawi minangka muatan lokal wajib wonten ing Sekolah Dasar (SD) menika sampun dipunandharaken ing *Peraturan Gubernur Daerah Istimewa Yogyakarta nomor : 64 / KEP / 2013*. Pasinaon basa Jawi minangka muatan lokal wajib menika ngewrat mapinten-pinten materi. *Dongeng sato kewan (fabel)* salah satunggaling materi ingkang kedah dipunwulangaken wonten ing pasinaon basa Jawi tumrap siswa SD mliginipun kelas II.

Materi *dongeng sato kewan (fabel)* wonten tataran SD/MI dipunwulangaken kanthi *Kompetensi Dasar (KD)* inggih menika 3.2 “*Memahami dongeng, tembang dolanan, dan permainan tradisional*”.

Adhedhasar *Kompetensi Dasar* menika kababar indikator ingkang ungelipun:

1. *siswa dapat menyebutkan judul dalam dongeng bertema binatang (fabel),*
2. *siswa dapat menyebutkan tokoh dalam dongeng bertema binatang (fabel),*

3. *siswa dapat mengkategorikan watak tokoh dalam dongeng bertema binatang.*

Pramila sampun cetha bilih siswa wonten piwulangan basa Jawi menika dipunwajibaken nyinau bab *dongeng sato kewan (fabel)*. Indikator wonten inggil ugi nedahaken bilih siswa menika kedah nguwaosi materi wonten ing salebeting *dongeng sato kewan (fabel)*.

Adhedhasar saking *observasi* ingkang sampun kalampahan wonten SDN Jonggrangan, panaliti saged mangretosi bilih *media* pasinaon kangge ngandharaken materi basa Jawi mliginipun *dongeng sato kewan (fabel)* menika taksih kirang sanget. Buku materi utawi buku paket basa Jawi menika cacahipun taksih winates pramila boten sedaya siswa pikantuk buku paket. Pasinaon ingkang ngginakaken buku materi kemawon kirang ngindhakaken *imajinasi* saha kirang narik kawigatosanipun siswa awit saking *gambar-ipun* ingkang winates kalih dimensi. Sarana ingkang winates saha kirang narik kawigatosan siswa njalari guru ngginakaken metode

konvensional kangge ngandharaken *materi dongeng* sato kewan (*fabel*). Ananging, Piwulangan *metode konvensional* kanthi cara *ceramah* wonten kelas menika boten *efektif* amargi siswa kirang *aktif*, namung gumantung kaliyan guru. Prasasat siswanipun malah ngantuk saha bosen wonten kelas. Perkawis-perkawis ingkang dados pepalang kadosta siswa kirang *aktif*, ngantuk saha bosen menika nedahaken prelunipun damel *media pasinaon*. *Media* ingkang dipundamel inggih menika *media* ingkang *praktis* saha saged maringi kalodhangan kangge nggampilaken siswa sinau basa Jawi mliginipun *materi dongeng* sato kewan (*fabel*).

Media pasinaon ingkang dipundamel wonten ing panaliten menika, boten *berbasis IT* amargi boten sedaya Sekolah Dasar gadhah *sarana IT* kadosta *LCD* saha *komputer*. Pramila panaliti damel *media* ingkang *praktis*, boten *berbasis IT*, ananging saged narik kawigatosanipun siswa. *Media pasinaon* ingkang dipundamel awujud *pop up book*. *Media pasinaonan pop up book* menika

mahyakaken *ragam cariyos imajiner* kanthi nglebetaken *materi dongeng* sato kewan (*fabel*), pramila saged nuwuhaken *imajinasi* siswa saha saged nambah seserepan siswa ngengingi *materi dongeng (fabel)* awit saking *gambar-gambar* ingkang awujud *tiga dimensi*.

Media pasinaon pop up book dongeng sato kewan (*fabel*) minangka *media kreatif* saking *paper engineering* ingkang saged dados salah satunggaling *sarana* piwulang ingkang langkung prasaja, mirah saha ngremenaken. *Pop up book* kanthi *materi dongeng* sato kewan (*fabel*) kalebet *media* ingkang prasaja katitik saking gampilipun dipunbekta wonten pundi kemawon, gampilipun dipunginakaken saha saged mbiyantu guru nalika ngandharaken *materi pasinaon dongeng* sato kewan. *Pop up book dongeng* sato kewan (*fabel*) menika *media* ingkang mirah menawi dipuntandhingaken kaliyan *media* ingkang *berbasis IT* amargi dipundamel saking dlancang. Panganggening *media pop up book* ugi ngremenaken siswa awit saking basanipun ingkang gampil

dipunmangretos dening siswa saha *desain gambar* ingkang awujud *tiga dimensi*. Kaluwihan sanesipun saking *media pop up book dongeng* sato kewan (*fabel*) inggih menika boten kawates kaliyan *daya listrik* kadosta *alat elektronik*.

Leresing *materi* saha *kualitas* saking *media* kedah dipungatosaken dening panaliti supados *media pop up book* menika saged dados *produk* ingkang sae. Sasampunipun *media pop up book* menika dipundamel lajeng dipunbiji kanthi *validasi media* dening dosen *ahli media* saha *validasi materi* dening dosen *ahli materi*. Kajawi menika, kangge ngasilaken *media* ingkang trep kaliyan kebetahanipun guru saha kabetahanipun siswa, panaliti nindakaken *uji coba* wonten ing SDN Jonggrangan.

CARA PANALITEN

Jinising panaliten ingkang dipunginakaken inggih menika *metode* panaliten *Research and Development (R&D)*. Miturut Sugiyono (2016: 297) *metode* panaliten *R&D* inggih menika *metode* panaliten ingkang

dipunginakaken kangge ngasilaken *produk* tartemtu, saha nguji *keefektifan produk* ingkang dipunasilaken. Menawi miturut Sukmadinata (2013: 164) *metode* panaliten *R&D* inggih menika salah satunggaling cara panaliten kangge ngrembakakaken *produk* ingkang enggal utawi kangge ngasilaken *produk* ingkang langkung sae saha saged dipuntanggeling-jawabaken.

Miturut Prawiradilaga (2008: 91) *prosedur pengembangan model ADDIE* menika wonten gangsal *tataran* inggih menika: (1) *analysis*, (2) *design*, (3) *development*, (4) *implementation*, saha (5) *evaluation*.

ASILING PANALITEN SAHA PANGREMBAG

1. Tataran Ndamel *Media Pasinaon*

a. *Tataran Analysis (analisis)*

Tataran ingkang sepisan inggih menika *tataran analisis*, *tataran* menika dipunperang dados kalih inggih menika *analisis kurikulum* saha *analisis kabetahan siswa*. *Tataran analisis kurikulum* dipuntindakaken kanthi cara *observasi* wonten ing SDN Jonggrangan.

Observasi katindakaken kanthi mendhet dhata saking wawan-pangandikan kaliyan guru kelas II SDN Jonggrangan inggih menika ibu Sukarti S.Pd.SD. Asiling *observasi* bilih SDN Jonggrangan mliginipun kelas II migunakaken *kurikulum* Basa Jawi 2013 adhedhasar peraturan Gubernur DIY nomor 64/KEP/2013. Panaliti nggatosaken *Kompetensi Inti* saha *Kompetensi Dasar* wonten ing *kurikulum* kasebut. Adhedhasar *kurikulum* ingkang dipunginakaken kangge kelas II SDN Jonggrangan menika dipunmangretos bilih *materi dongeng* minangka *materi* ingkang kedah dipunwucalaken. *Kompetensi Inti* saha *Kompetensi Dasar* menika dados dhasar kangge damel *media pasinaon*. Wondene kode *Kompetensi Inti* saha *Kompetensi Dasar* ingkang gayut kaliyan *materi dongeng* sato kewan (*fabel*) inggih menika *Kompetensi Inti* 3 saha *Kompetensi Dasar* 3.2.

Sasampunipun *analisis kurikulum* panaliti nindakaken *analisis* kabetahan siswa. Saking *observasi* ingkang sampun kalampahan wonten SDN

Jonggrangan, saged mangretosi bilih *media pasinaon* kangge ngandharaken *materi* basa Jawi mliginipun *dongeng* sato kewan (*fabel*) menika taksih kirang sanget. Buku *materi* utawi buku *paket* basa Jawi menika cacahipun taksih winates boten sedaya siswa pikantuk buku *paket*. Pasinaon ingkang ngginakaken buku *materi* kemawon kirang ngindhakaken *imajinasi* saha kirang narik kawigatosanipun siswa awit saking *gambar*-ipun ingkang winates kalih *dimensi*. *Sarana* ingkang winates saha kirang narik kawigatosan siswa njalari guru ngginakaken *metode konvensional* kangge ngandharaken *materi dongeng* sato kewan (*fabel*). Ananging, piwulangan kanthi *metode konvensional* kanthi cara *ceramah* wonten kelas menika boten *efektif* amargi siswa kirang *aktif*, namung gumantung kaliyan guru. Prasasat siswanipun malah ngantuk saha bosen wonten kelas. Asiling *pirembagan* saged dipunmangretosi bilih guru sarujuk menawi wonten *media* ingkang awujud *pop up book* kanthi *materi dongeng* sato kewan (*fabel*). *Media* menika dipunajab

saged narik kawigatosan siswa saha ndadosaken siswa greget anggenipun nyinau *materi dongeng* sato kewan (*fabel*). *Media pop up book* menika minangka pirantos bantu kangge siswa saha guru wonten ing *proses pasinaon*.

b. Tataran Design (Desain)

Tataran desain dipunwiwiti kanthi damel *flowchart*. *Flowchart* inggih menika *digaram alur pengembangan*. Saking *flowchart* menika, panaliti ngandharaken bab pambuka *media*, *Kompetensi Inti*, *Kompetensi Dasar*, *Indikator*, pitedah ngginakaken *media*, cacahipun *adegan dongeng*, *naskah dongeng*, gladhen siswa, *profil penganggit* saha *profil dosen pembimbing* ingkang dipunringkes wonten *story board* kanthi awujud *tabel*.

Cacahipun *dongeng* wonten salebeting *media pop up book* menika wonten gangsal *dongeng*, lajeng saben *dongeng* dipunperang dados tiga dumugi sekawan *adegan*.

Ewadene *saben adegan* menika kapacak dados setunggal kaca. *Dongeng* wonten salebeting *media* antawisipun inggih menika

- (1) *dongeng* Kancil lan Kethek,
- (2) *dongeng* Tikus kang Rakus,
- (3) *dongeng* Semut lan Kethek,
- (4) *dongeng* Asu lan Manuk Gagak,
- (5) *dongeng* Singa lan Tikus.

Ewadenene cacahipun sedaya kaca wiwit saking cover dumugi wonten pungkasan inggih menika wonten 28 kaca.

c. Tataran Development

Tataran salajengipun inggih menika *tataran pengembangan*. Wonten *tataran* menika panaliti damel *media pop up book dongeng* sato kewan (*fabel*) kangge siswa kelas II SD kanthi *teknik manual* saha *teknik komputer*. *Teknik manual* menika kalampahan nalika damel *sketsa*, *proses pemotongan*, *proses penyusunan*, saha *proses penjilidan*. Salajengipun *teknik komputer* menika kalampahan nalika *proses scan*, *proses pewarnaan (coloring)*, *proses pengeditan*, saha *proses cetak*.

Pirantos kangge ndamel *pop up book* antawisipun petelot, garisan gunting, pemes/cutter, *isolasi wolak-walik (double tape)*, *lem fox*, dlancang *ivory 260 gram*, dlancang

HVS kuwarto, printer scan, saha komputer.

Tataran kaping pisan wonten teknik manual inggih menika ndamel sketsa utawi design pop up. Sasampunipun sketsa sampun dados, lajeng sketsa utawi design menika dipun-scan lajeng dipun-edit kanthi ngginakaken teknik komputer. Aplikasi ingkang dipunginakaken inggih menika aplikasi software Corel Draw X5. Sketsa ugi dipunparingi warni supados saged narik kawigatosan. Sketsa ingkang sampun dados menika dipun-print ngginakaken dlancang ivory 260 gram lajeng dipunrantam ngginakaken lem saha double tape saha dipungunting supados dados pop up. Tataran pungkasan ingkang dipunlampahi inggih menika njilid sedaya kaca pop up ingkang sampun dipundamel supados saged dados pop up book.

Media ingkang awujud pop up book dongeng sato kewan (fabel) lajeng dipun-validasi dening dosen ahli materi saha dosen ahli media pikantuk pambiji saha pamrayogi saking dosen ahli materi saha dosen ahli media. Validasi menika

dipuntindakaken kangge mangretosi menapa media menika sampun layak saha saged dipun-uji coba.

Dosen ahli materi wonten panaliten inggih menika Bapak Afendy Widayat, M. Phil. Media pop up book dipun-validasi dening dosen ahli materi kanthi kalih tahap. Validasi ingkang dipunlampahi dening dosen ahli materi antawis tahap I saha tahap II wonten mindhakupun. Validasi tahap kaping setunggal dipunparingi pamrayogi bilih kathah tembung-tembung ingkang boten ngginakaken basa Jawi ingkang baku. Validasi kaping setunggal menika namung focus bab pamilihing tembung. Wonten tahap kapisan validator paring biji kanthi ngetang migunakaken pedoman

$$\frac{\sum \text{Skor Panaliten}}{\sum \text{Skor Ideal Sedaya Item}} \times 100\%$$

$$\text{lajeng dipunetang } \frac{32}{40} \times 100\% = 80\%$$

ingkang kagolong sae. Adhedhasar pamrayogi saking dosen ahli materi, lajeng panaliti nindakaken revisi. Sasampunipun dipun-revisi lajeng nindakaken validasi tahap ingkang kaping kalih. Wonten tahap kaping kalih validator paring biji kanthi ngetang

$$\frac{35}{40} \times 100\% = 87,5\%$$

dipunbulataken dados 88 ingkang kagolong sae sanget. *Tahap* kaping kalih menika sampun pikantuk pasarujukan bilih *media* menika sampun *layak uji coba* kanthi boten wonten *revisi*.

Salajengipun, *media* dipun-*validasi* dening *dosen ahli media* ingkang ancasipun paring pambiji saha pamrayogi tumrap *kualitas tampilan media*. *Validator* wonten ing panaliten kasebut inggih menika Ibu Avi Meilawati S.Pd, MA. *Media pop up book* dipun-*validasi* dening *dosen ahli media* kanthi kalih *tahap*. *Validasi tahap* ingkang kapisan dipunparingi pamrayogi bilih cariyos saha *gambar* dipunlarasaken *tema*-nipun saha werni seratan dipundamel langkung *terang*. Wonten *tahap* menika *validator* paring biji kanthi ngetang migunakaken pedoman

$$\frac{\sum \text{Skor Panaliten}}{\sum \text{Skor Ideal Sedaya Item}} \times 100\%$$

lajeng dipunetang $\frac{29}{40} \times 100\% = 72,5\%$ dipunbulataken dados 73 ingkang kagolong sae. Sasampunipun dipun-*revisi* miturut pamrayogi saking *dosen ahli media*, lajeng nindakaken *validasi tahap* kaping kalih. Wonten *tahap* kaping

kalih *validator* paring biji kanthi ngetang $\frac{32}{40} \times 100\% = 80\%$ ingkang kagolong sae. *Tahap* ingkang kaping kalih menika sampun pikantuk pasarujukan bilih *media* menika sampun *layak uji coba* kanthi boten wonten *revisi*.

d. *Tataran Implementasi*

Tataran implementasi wonten panaliten menika ngginakaken *produk mawi uji coba*. *Uji coba* ingkang katindakaken menika kangge mangretosi cak-cakanipun *produk jumbuh kaliyan ancas pasinaon*. *Uji coba* menika dipuntindakaken tumrap siswa kelas II SDN Jonggrangan ingkang cacahipun wonten 29 siswa. Saderengipun nindakaken *uji coba*, panaliti nyuwun pambiji dhateng guru *pengampu* kelas II wonten ing SDN Jonggrangan inggih menika Ibu Sukarti, S.Pd.SD. ngengingi *kualitas media* ingkang dipundamel. Sasampunipun pikantuk pasarujukan dening Ibu Sukarti, S.Pd.SD. saged katindakaken pasinaon basa Jawi kanthi *materi dongeng* ngginakaken *media pasinaon pop up*. *Uji coba* dipuntindakaken wonten kelas II SDN Jonggrangan ingkang

cacahipun siswa 29. Siswa menika dipunperang dados gangsal kelompok kanthi cacahipun 5-6 siswa saben kelompok. *Pop up book dongeng* sato kewan menika cacahipun wonten gangsal *unit* pramila saben kelompok pikantuk setunggal *pop up book*. Siswa ingkang dados *objek* menika ugi dipunuwuni pamrayogi bab *media* ingkang dipunginakaken wonten ing pasinaon. Adhedhasar pambiji saking guru basa Jawi saha siswa, panaliti saged mangretosi bab *kualitas media pop up* ingkang dipundamel. Wondene asiling pambiji saking guru basa Jawi pikantuk *persentase* 95% ingkang kagolong sae sanget sarta pamanggih siswa pikantuk *rata-rata persentase* 92% ingkang kagolong sae sanget.

e. *Tataran Evaluasi*

Tataran ingkang pungkasan inggih menika *tataran evaluasi*. *Tataran evaluasi* menika dipunlampahi kanthi *nganalisis* dhata ingkang sampun dipunkempalaken sasampunipun *uji coba media*. Dhata ingkang sampun dipunkempalaken salajengipun dipun-*analisis* jumbuh

kaliyan ancasiipun damel *media*. Wondene asiling rata-rata pambijining pungkasan pikantuk *presentase* 88,75% dipunbuletaken dados 89% ingkang kagolong sae sanget. Asilipun *analisis* nedahaken bilih *media* jumbuh kaliyan ancasiipun pandamelan *media* saha *media* sampun *layak* dipunginakaken wonten *proses* pasinaon.

2. *Asiling Pambiji Pungkasan Kualitas Media Pasinaon*


a. *Asiling Pambiji Pungkasan*

Asiling pungkasan saking pambiji *validasi* dosen *ahli media*, dosen *ahli materi*, pambiji guru basa Jawi, saha pamanggih siswa saged dipunmagretosi wonten *tabel* ing ngandhap menika:

Tabel 42. *Asiling pambiji*

Pambiji	Presen tase	Katego ri
Dosen <i>ahli materi</i>	88%	Sae Sanget
Dosen <i>ahli media</i>	80%	Sae
Guru basa Jawi	95%	Sae Sanget
Pamanggih siswa	92%	Sarujuk Sanget
rata-rata presentase	89%	Sae Sanget

Gambaran ngengingi asiling pambiji ingkang pungkasan saged dipunpirsani wonten ing *diagram batang* utawi *grafik* wonten ing ngandhap menika.



Gambar 45: Grafik asiling pambiji pungkasan media pasinaon

Asiling pambiji pungkasan ingnginggil menika saking asiling *validasi* dosen *ahli media*, dosen *ahli materi* pambiji guru basa Jawi, saha pamanggih siswa. Asiling *validasi* dosen *ahli materi* paringi pambiji adhedhasar saking 8 *indikator*. *Tataran validasi* ingkang pungkasan dening dosen *ahli materi* pikantuk biji *presentase* 88% ingkang kagolong sae sanget. Asiling *validasi* dosen *ahli media* paringi pambiji adhedhasar saking 8 *indikator*. *Tataran validasi* ingkang pungkasan dening dosen *ahli media* pikantuk biji *presentase* rata-rata 80%

ingkang kagolong sae. Asiling pambiji *media* dening guru basa Jawi adhedhasar saking 8 *indikator*. Asiling pambiji ingkang pungkasan saking guru basa Jawi rata-rata *presentase* 95% ingkang kagolong sae sanget. Asiling pamanggih siswa tumrap *media* pasinaon adhedhasar saking 5 *indikator*. Asiling pamanggih siswa rata-rata *presentase* 92% ingkang kagolong sarujuk sanget.

Adhedhasar saking *validasi* dosen *ahli media*, dosen *ahli materi*, pambiji guru basa Jawi, saha pamanggih siswa kelas II SDN 1 Jonggrangan tumrap *media* pasinon *pop up book* sato kewan (*Fabel*) pikantuk rata-rata *presentase* 89% ingkang kagolong sae sanget.

b. Asiling Tampilan Pungkasan

Asiling *validasi* dening dosen *ahli materi* saha dosen *ahli media* ngasilaken *produk* ingkang pungkasan. *Produk* menika sampun diputindakaken *revisi* jumbuh kaliyan pamrayogi dosen *ahli media* sahadosen *ahli materi* supados ngasilaken *media* pasinaon ingkang gadhah *kualitas* sae. *Media* pasinon menika wonten kaluwihanipun saha

kekiranganipun, kekirangan saha kaluwihanipun dipunandharaken kados mekatan.

Kaluwihan *media pasinaon dolanan pop up book* sato kewan (*fabel*) wonten ing ngandhap menika:

- 1) *Media* layak dipunginakaken wonten ing sekolah kanthi *materi* kangge siswa SD kelas II. Katingal saking asiling *validasi kualitas media* dening dosen *ahli materi*, dosen *ahli media*, pambiji guru basa Jawi, saha pamanggih siswa ingkang pikantuk *rata-rata persentase* 89% menika kagolong sae sanget,
- 2) *media* menika saged dipunginakaken kangge sinau basa Jawi kanthi *materi* ingkang ngremenaken awit *gambar* ingkang awujud *tiga dimensi*,
- 3) *media* menika saged nggampilaken guru anggenipun ngandharaken *materi* wonten ing pamulangan,
- 4) gladhen wonten ing *media* menika saged kangge nambah pangertosan siswa babagan sato kewan (*fabel*),

5) *media* menika ndadosaken siswa gadhah raos *kompetitif* siswa remen sinau bab sato kewan (*fabel*).

6) *Media pasinaon* menika boten kawates *daya listrik*.

7) *Media* menika dipunginakaken tanpa *akses internet*.

Kekirangan *media pasinaon dolanan pop up book dongeng* sato kewan (*fable*) wonten ing ngandhap menika:

- 1) cariyos *dongeng* wonten salebeting *media* menika cacahipun namung gangsal,
- 2) anggenipun ndamel *media* menika mbetahaken wekdal ingkang dangu amargi kedah tlaten saha sabar wiwit saking ndamel *sket* dumugi *proses perakitan* supados saged mujudaken produk *media* ingkang sae,
- 3) anggenipun ndamel *media* menika mbetahaken bea ingkang kathah amergi ngginakaken *material* ingkang *kualitas*-ipun sae,
- 4) *media pasinaon* menika kedah dipunrumat kanthi sae saha

leres, amargi dipundamel saking
dlancang ingkang gampil suwek.

PAMRAYOGI

Saking asiling *media* ingkang
dipundamel pamrayoginipun inggih
menika:

1. Panganggenipun *media* menika
dipunginakaken kanthi 2-4 siswa
saben kelompok supados
langkung *efektif*.
2. Prayoginipun *media* menika
dipundamel kanthi *material*
ingkang prasaja saha *ekonomis*
kemawon ananging tetep
berkualitas.
3. *media* menika kangge *referensi*
panaliti supados saged damel
media pasinaon pop up book
kangge *materi* basa Jawi
sanesipun ingkang langkung
kreatif.

KAPUSTAKAN

Peraturan Gubernur Daerah Istimewa
Yogyakarta Nomor: 64/ KEP/
2013 Tentang Mata Pelajaran
Bahasa Jawa Sebagai Muatan
Lokal Wajib.

Prawiradilaga, Dewi Salma. 2008.
Prinsip desain Pembelajaran.
Jakarta: Kencana Prenada
Media Group.

Sukmadinata, Nana Syaodih. 2013.
Metode Penelitian Pendidikan.
Bandung: PT Remaja
Roesdakarya.

Sugiyono. 2016. *Metode Penelitian
Kuantitatif Kualitatif dan
R&D*. Bandung: Alfabeta.

